Mande pou Jij Imigrasyon an revize detansyon ak kosyon ou

MASSACHUSETTS IMMIGRANT & REFUGEE ADVOCACY COALITION

- Anpil imigran ke ICE mete nan detansyon ka kalifye pou yo libere sou kosyon. **Pa abandone dwa w pou yon jij imigrasyon egzamine detansyon w lan, san w pa fin konprann ki opsyon ou genyen!**

- ICE ka ba ou yon dokiman ki rele "Notice of Custody Determination" (Fòm I-286). Dokiman sa a enfòme w sou desizyon ICE pran pou kenbe w nan detansyon, epi li endike kantite lajan kosyon yo fikse a. Si ou vle yon jij imigrasyon revize ka detansyon w lan, li enpòtan pou w make ti kare ki devan opsyon "I do" a; sa ap sèvi kòm demann pou yon jij imigrasyon revize montan kosyon an. Si ICE poze w kesyon sa a olye yo ba ou fòm nan pou w ranpli li tèt ou, ou ta dwe di yo ou vle make ti kare ki devan "I do" a si ou ta renmen gen yon odyans pou diskite sou kosyon an. Men kijan seksyon sa a parèt sou fòm nan:

  ☐ I do ☐ do not request a redetermination of this custody decision by an immigration judge.

- Gen kèk moun ki nan detansyon nan rejyon New England, e ki poko gen yon lòd final pou depòtasyon, ki ka benefisye pwoteksyon legal antanke manm gwoup moun ki konsène nan dosye *Guerrero Orellana* a. Pa egzanp, si ou se yon manm gwoup *Guerrero Orellana* a epi ou mande yon odyans pou kosyon (pa egzanp, lè w mete yon mak devan "I do" sou Fòm I-286 la), ICE oblije avèti ou menm ansanm ak avoka ki reprezante gwoup la 72 èdtan anvan yo transfere w ale deyò New England. Pale ak yon avoka sou enfòmasyon sa a.

- Chak ka diferan. Li pi bon pou w pale ak yon avoka sou sitiyasyon w ak opsyon ou genyen yo anvan ou abandone dwa w yo!

- Lòt resous itil:

  - Jwenn Kosyon (PAIR Project)
  - American Immigration Lawyers Association (Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken)
  - Lis sèvis legal imigrasyon nan Massachusetts
  - Resous pou moun ki gen dosye nan tribinal imigrasyon
  - Liy Asistans Imigrasyon MIRA

Kreyol

Oct. 21, 2026